



Seyans Piblik pou Enfòmasyon Koulwa Route 79/Davol Street, Fall River

Sa k ap pase ?

Depatman Transpò Massachusetts la (MassDOT) pral ògànize seyans piblik pou enfòmasyon, kote li pral esplike plan ak bay enfòmasyon sou modèl preliminè pou koulwa Route 79 / Davos Street la nan Fall River, ant Restoran Cove ak Pon Veteran's Memorial la. Seyans yo pral fèt nan yon lokal pòt louvri, kote patisipan yo envite pou vini nenpòt kilè pandan seyans maten oswa aswè a.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou ?

Entansyon nan pwojè a, se pou ogmante konnektivite, amelyore sekirite, ak ankouraje devlopman ekonomik. Modèl preliminè a pral bese nivo Route 79, epi ranplase li avèk yon boulva ki gen fasilite pou bisiklèt ak pyeton. Modèl sa a ap libere plizyè teren tou, pou yo gen posiblite pou lòt devlopman pi devan. Nan pwojè sa a, n ap chèche ekilibre bezwen pou transpò yo - satisfè bezwen rezidan lokal ak rejyonnal yo - epi an menm tan sipòte opòtinite pou devlopman ekonomik.

Kilè

18 out 2021

Depi 9:00 am pou rive 12:00 pm,
ak depi 4:00 pm pou rive 7:00 pm

Ki Kote

Fall River Heritage State Park Visitors Center
Davol Street
Fall River, MA, 02720

Gade nan adrès <https://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings> ak /oswa www.mass.gov/route-79-davol-street-corridor-improvements pou plis enfòmasyon.



Pou mande fè aranjman oubyen pou jwenn asistans nan lang, ou mèt kontakte Valerie Kilduff nan nimewo telefòn [857-262-9628], relè 7-1-1, oswa nan adrès elektwonik Valerie.kilduff@state.ma.us. Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou reyinyon an.

Pou poze kesyon sou pwojè a, voye yon mesaj elektwonik nan adrès : dotfeedbackhighway@dot.state.ma.us Si ou gen yon deklarasyon ekri ou vle fè sou pwopozisyon an, tanpri voye li bay : Carrie E. Lavalley, P.E., Acting Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02216, Attention: Major Projects, PROJECT FILE NO. [608049]